# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

सी पी राधाकृष्णन देस क पनरहवां उप राष्ट्रपति बनि गइल हवें। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आजु राष्ट्रपति भवन में उन्हें पद क सपथ दियवलीं। सपथ ग्रहण समारोह में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविन्द, पूर्व उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड अउर केन्द्रीय मंत्री अमित शाह के सथहीं कई गो वरिष्ठ मंत्री सामिल भइलें। सपथ ग्रहण के बादे उप राष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन राजघाट पर महात्मा गांधी के अउर सदैव अटल पर पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेई के सरधांजलि अरपित कइलें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से सी.पी राधाकृष्णन के जनता कै सेवा समरपित सफल कार्यकाल बदे सुभकामना दिहले हवें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि मॉरीशस क प्रधानमंत्री डॉ. नवीन चंद्र रामगुलाम क काशी जतरा, येह सहर के सांस्कृतिक महातम अउर भारत आ मॉरिशस के बिच्चे मजबूत सांस्कृतिक संबंधन के देखत अउरियो खास हो गइल बा। एगो रिपोर्ट–

**मॉरीशस के प्रधानमंत्री के साथ हुई द्विपक्षीय बातचीत से जुड़े एक सोशल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने कहा कि उन्होंने परस्पर सहयोग के सभी पहलुओं की समीक्षा की और क्षेत्रीय तथा वैश्विक मुद्दों पर चर्चा की। वह बुनियादी ढाँचे, स्वास्थ्य सेवा, डिजिटल तकनीक, ऊर्जा, समुद्री सुरक्षा जैसे क्षेत्रों में सहयोग को और गहरा करने पर भी सहमत हुए। इस बीच, अपनी काशी यात्रा के तीसरे दिन मॉरीशस के प्रधानमंत्री डॉ. नवीन चंद्र रामगुलाम ने आज सुबह अपने परिवार के साथ काशी विश्वनाथ मंदिर में दर्शन पूजन किया। कल शाम उन्होंने गंगा आरती में भी हिस्सा लिया था। उनके साथ आए शिष्टमंडल ने वाराणसी में हुए स्वागत और अपनेपन की भावना की सराहना की। वाराणसी से मनीष सिंह की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

काशी क जतरा पूरा कइ के मॉरिशस क प्रधानमंत्री अजुये अजोध्या पहुंचलें। ओइजा एयरपोर्ट पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही उनकर स्वागत कइलें। एयरपोर्ट पर उनकर सांस्कृतिक प्रस्तुतियन के जरियो से स्वागत कइल गइल। एकरे बादे उहां के श्रीराम मंदिर पहुंचलीं अउर श्रीराम दरबार में रिवाज के मोताबिक पूजा–अर्चना कइलीं। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि मॉरिशस क प्रधानमंत्री अपने पूरा परिवार अउर तीस सदस्यीय सिस्टमण्डल के साथे श्रीराम जनमभूमि परिसर में पैंतालीस मिनट क समय बितवलीं।

**********

विदेस मंत्रालय कै प्रवक्ता रणधीर जायसवाल मॉरीसस कै प्रधानमंत्री के भारत जतरा अउरि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के साथे भइल उनकरे दुईपक्षी बइठकी के लेके ढेरे उछाह में बाटें। आपन सोसल मीडिया एकाउंट पर एगो वीडियो सनेसा साझा कइके ऊ येह मौका के एगो इतिहासिक मौका बतवले हउवें।

**मॉरीशस–भारत के रिस्ता में एगो बिसेस दिन बा। ई पहिलका हालि बा कि दुन्नो देस क प्रधानमंत्री माननीय प्रधानमंत्री हमनी के ओरि से भारत के माननीय प्रधानमंत्री श्री नरेन्द्र मोदी अउर मॉरीसस क माननीय प्रधानमंत्री डॉ नवीन चन्द्र रामगुलाम ई दुन्नो नेता गण क बातचीत औपराचिक अउर आधिकारिक बातचीत कासी नगरी में भइल। ई भारत आ मॉरीसस क रिस्ता कासी के गली से कासी के गलियारा से गंगा घाट से जुड़ल बा।**

**********

स्वतंत्रता दिवस पर लाल किला के प्राचीर से प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिवाली ले जीएसटी दरन में सुधार क घोसणा कइले रहलें। उनकर ई सपना तीनि सितम्बर के साकार भइल जब जीएसटी परिषद नागरिकन क जिनगी असान बनावे बदे कई गो क्षेत्रन में कर क दर कम कइले के मंजूरी दे दिहलस। जीएसटी सुधार बाईस सितम्बर से लागू हो जाई। प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***रोजमर्रा क समान जइसे दूध, पैक्ड खइले क समान, बिना ब्रांड वाला चाउर, गोहूं, दालि जइसन मुख्य खइले क समान अब जीएसटी से मुक्त बाटे। सज्जो तरह क ब्रेड अब बिना जीएसटी वाला स्लैब में रक्खल गइल बा, जेहसे ई लोगिन बदे अउरियो सस्ता हो गइल हौ। ओहीं स्वास्थ्य सेवा क्षेत्र के ओरि देखल जाव त सरकार येहू क्षेत्र में लोगिन के बड़हन सौगात दिहले हौ। सरकार तैंतीस गो जीवन रक्षक दवाई पर पुरहर तरीका से जीएसटी हटवले क फैसिला कइले हौ। एकरे सथहीं छात्रन पर कर क बोझ कम करे बदे जियादेतर स्टेसनरी क समान के अब सुन्न जीएसटी श्रेणी में रक्खल गइल बा। टेक्सटाइल सेक्टरो में अब कई गो धागा कर मुक्त कइ दीहल गइल बा। आकाशवाणी नई दिल्ली से ईशानी यादव अउर सौम्या शरण के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रदेस कै गोरखपुर के सथहीं कई गो पूरबी जिलन में बीतल राति भइल बरखा से लोगिन के भीसण उमस से राहति मिलल हौ। हलांकि दिन में घाम निकरले से हल्लुकाहे गरमियो महसूस कइल गइल। मौसम विभाग बिहने अउर चउदह सितम्बरो के पूरबी जिलन में कहीं–कहीं बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क समभावना जतवले बा। बिभाग के मोताबिक आवे वाला पांच दिन में अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में कउनों बड़हन बदलाव नाही होई।

**********